Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 43 (9954) 3 ноябрь 2023 с. / Рузман 20 рабигIул ахир 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления




**Этот праздник единения России установлен в память о событиях 4 ноября 1612 года, когда воины народного ополчения под предводительством Кузьмы Минина и Дмитрия Пожарского штурмом взяли Китай-город , освободив Москву от польских интервентов.**

## Уважаемые жители района!

Поздравляем вас с Днём народного единства. Искренне хотим пожелать вам всегда помнить о своих корнях и истории, гордиться подвигами предков и вековыми традициями, стремиться к благу общества и прочности нашего народа.

Пусть День народного единства станет достойным поводом для укрепления лучших наших традиций-патриотизма, взаимопомощи и единения, праздником доброты, великодушия и заботы.

Пусть он поможет воплощению в жизнь ваших достойных помыслов об укреплении родного края и всей России.

Желаем вам здоровья, счастья, уверенности в себе, стабильности и благополучия.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

## Уважаемые земляки!

Поздравляю вас с Днём народного единства! Желаю всем вам стать крепче духом, обрести новую силу, поверить в свою удачу и не жалеть сил для общего дела. Пусть наша страна процветает, наш народ всегда будет счастливым и живет полноценной жизнью.

С праздником вас!

***Депутат НС РД Мухтарпаша Умаханов***

## «РакIалдачIеялъул ах» чIеялъулъ гIахьаллъана

Ахирияб заманалда нижеца гIемер хъвана, республикаялъул бетIер Сергей Меликовасул бихьизабиялда рекъон, Украиналда тIобитIулеб хасаб операциялда гIумруялдаса ратIалъарал ракIалдачIеялъе, ай, гьел кIочонгутIиялъе, Дагъистаналдаго «РакIалдачIеялъул ах» акция тIобитIулебги, гьелъулъ нилъер районалъ жиграб гIахьаллъи гьабулеб букIиналъулги, ах чIеялъе «Горенжо» хIорихъ бакIал лъикIаблъун бихьизабураблъиялъулги хIакъалъулъ. Ах чIеялъе, гьеб гIезабиялъе санагIатал шартIал рукIиналъги, гьеб нилъер районалъул берцинал бакIазул цояблъун кколеб букIиналъги, гьенире, цIалдохъабаздасан байбихьун ва туристазде гIунтIун, гIемерал гIадамал щолеблъиялъги районалъе нухмалъулезул къотIи ккана рехсараб ах гьениб чIезе, гьеб битIарабги буго.

Нилъеда лъазе ккола ах чIеялда тIад гIемераб хIалтIи гьабизе кколеблъи, цо бакIалдеги лъугьун, гъутIби ракьулъ «къазарураб» гIолареблъи, узухъда, гьеб лъикI бичIчIуна районалъе нухмалъулездаги. Гьелъин, ах чIезе байбихьаралдаса, гьениб гIезегIанаб хIалтIи гьабураб ва гьабулеб буго.

Ах чIеялъе бакIал бихьизабуралдаса, рищни-къулалдаса, гъветI-хъарахъалдаса гьеб бацIцIад гьабиялдаса байбихьун ва гьеб чIолеб бакI сверун къаялде гIунтIун, гьенир хIалтIаби гьариялда тIад хIалтIана районалъул администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъаби, жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби, СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул гIага-гIунтIарал, гьудул-гьалмагъзаби ва гьеб акциялъул рахъккевялда тIад хIалтIулел.

ТIадехун рехсарал ишаз рес кьуна гъутIби чIезе байбихьизе. Гьелъулъ жиграб гIахьаллъи гьабулеб буго СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабаз ва гIага-божараз.

Гьедин, гьал къояз гьенир гъутIби чIезе рачIана рехсарал рагъухъабазул хъизаби. Аслияб къагIидаялда, гьенир чIолел руго пихъил гъутIби (гIеч, гени) ва кинабниги гьениб 115 гъветI чIана. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместителал, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби, росабазул жамгIатазул вакилзаби ва лицеялъул «ТIоцересезул багъа-бачари» гIолилазул гIуцIиялъул жигарачагIи.

БакIалда тIобитIараб данделъиялда ХI. Мусаевас абуна: *«Дун вохарав вуго СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул гIага-божаразе ах чIеялъе тIаса бищараб бакI рекIее гIун букIиналдаса. Гьениб ах чIеялъ рес кьезе буго гьанире щварал киназдаго нилъер бахIарзал*



*ракIалдещвеялъеги гьел кIочонгутIиялъеги.*

*Гьединго, гьелъ гIолеб гIелалда кIочене биччазе гьечIо умумузул бахIарчилъиги нилъер тарихги»,-ян.*

Гьеб тадбиралда гIахьаллъарал СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул улбузулги лъудбузулги рахъалдасан кIалъазе яхъарай «Улбузул къуват» гIуцIиялъул нилъер районалда бугеб отделениялъул куратор Аминат Абужанатовалъ республикаялъегун районалъе нухмалъулезе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна гьеб ах чIеялда тIад хIалтIаби гьаруралъухъ ва гьелъулъ гIахьаллъизе жидее рес кьуралъухъ.

Гьал къояз ахалда сверухъ бугеб ракь берцин къачIаялда тIад хIалтIулел руго районалъул администрациялъул хIалтIухъаби, чIарал гъутIби лъалъана ва хъахIгьаруна. Гьелдаго цадахъ, лъималазе расандабазеги гIадамазе машинаби лъезеги бакIал хIадурулел руго. Гьениб электрикалъулаб канлъи чIезабизе ункъо бакъулаб батареяги лъуна.

«РакIалдачIеялъул ах» ноябралъул байбихьуда рагьизе буго.

***Ибрагьим Идрисов***

## Орденал хъизабахъе кьуна

Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда бахIарчилъи бихьизабурал, гIумруялдаса ратIалъарал ва гIолохъаби мустахIикълъарал шапакъатал гьезул нахъе бугеб цебесеб гIагарлъиялъухъе кьолел рукIиналъул хIакъалъулъ материалал нижеца районцоязухъе щвезаричIого толаро.



31 октябралда тIадехун рехсаралда хурхараб иргадулаб тадбир районалъул администрациялда тIобитIана. Гьаб нухалда СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал ва гьениб бахIарчилъи бихьизабурал МахIач СагIидовасулги ХIажимурад Адилбиевасулги цебесеб гIагарлъиялъухъе гьел мустахIикълъарал *«БахIарчилъиялъул»* орденал кьуна.

Гьеб табдиралда гIахьаллъана районалъул бетIер ХIажимурад Мусаев, хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцалов ва нилъергун Гумбет районазул рагъулав комиссар Арсен МухIамадов.

Цоги нухалда зигараги бан, ХI.Мусаевас рагъухъабазул гIагарлъиялда абуна гьезие хIажатаб кумек гьабизе жал хIадурал ругилан.

***«Салатавия» сеталъулаб издания***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гъум. 2 Расул ХIамзатовасе-100 сон
гъум. 3 Кинаб хIалтIуде тIамуниги...
гъум. 4 Прокуратура информирует...




# ШагIирасул гIумруялда хурхараб спектакль



Дагъал церегIан къояз МахIачхъала шагьаралда бугеб Авар театралда Расул ХIамзатовасе 100 сон тIубаялда хурхараб спектаклялъул премьера тIобитIана. Расулил гIумруялъулъ рукIарал цо-цо лъугьа-бахъиназул бутIаби гьенир рихьизаруна гьесул роль хIалев вукIарав нилъер ракьцояв МухIаммад Дудуевас.

Гьеб спектакль бажаригун ва махщалида гIуцIун букIин бихьулеб букIана балагьаразул гьурмазда бугеб разилъиялъулъ. Гьезда гьоркьой рехсезе бегьула гьений гIахьаллъарай шагIирасул яс СалихIат ХIамзатоваги.

М. Дудуевас спектаклялъе гьабураб хIадурлъиялъулъ, гьесул цевевахъиналъулъ бихьулеб букIана гьес Расулида релълъине хIаракат бахъун букIин.

Ролялда тIасан ккараб гара-чIвариялда МухIаммадица абуна: *«Дун цIакъ вохаравги чIухIаравги вуго шагIирасул гIумрудул бутIаби рихьизаризе рес щвеялдаса»*,-ян.

Районцоязда, узухъда, лъала МухIамадил артистлъиялъе бугеб махщел, гьелъие нугIлъи гьабула гьес нилъер районалда гьарурал церерахъиназги.

Цоги, МухIаммадица цIигьабуна районалъул халкъияб театралъул хIалтIиги. Къокъ гьабун абуни, МухIаммад ккола театралъе, гьенир ролял хIаялъе Аллагьасго махщел кьурав инсанлъун.

Гьелда хурхун ккараб гара-чIвариялда МухIаммадица абуна: *«Халат гьабун щиб гьабилеб, театр ккола дир гIумру»*,-ян.

Театр лъугIун хадусан Зумрат МухIамадовагун (ЦТКНРалъул директор), Аймесе Писаевагун (ЦТКНРалъул бетIерай специалист) ва Рамазан Гъанищевгун (ЦТКНРалъул директорасул заместитель) ккараб гара-чIвариялда гьез абуна: *«Нижеда киданиги ккелароан халкъияв шагIир Расул ХIамзатовасул гIумруялъулъе, творчествоялъулъе гьадин гъваридго лъугьине рес щвелилан. Ниж цIакъ рохана тIоцебе гьеб спектакль бихьулезул мухъилъе ккеялдаса. Гьенир гIахьаллъиялъ нижер ракIазе кIочон гьечIеб асар гьабуна.*

*Спектаклялда нижеда бихьана Расулил пикрабазул гIатIилъи ва гъварилъи.*

*РакI-ракIалъулаб баркала буго театралъул артистазе, режиссёрасе ва директор МухIаммад БисавгIалиевасе спектаклялда тIад хIалтIаралъухъ»*,-ан.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

---

*21 октябрь-Дагъистаналъул культураялъулгун мацIазул къо!*

# Дагъистаналъул адабияталъулгун маданияталъул къо

21 октябралда районалъул культураялъул Централда Дагъистаналъул адабияталъулгун маданияталъул къоялда хурхараб тадбир тIобитIана.

Централъул хIалтIухъаби Рамазан Гъанищевас ва Бурлият ПусмановалЪ гьенир гIахьаллъарал цIалдохъаби бакIалда бугеб музеялъул хал гьабизе рачана, гьезие нилъер умумузул гIумруялъул, гьез хIалтIизарулел рукIарал алатазул ва гIадатазул бицана.



Р. Гъанищевас лъималазда умумузул букIараб ретIел ретIизабуна. ЦIалдохъабаз гьенир рикIкIана кучIдул, гьаруна кьурдаби. Рамазаница цIалдохъабазе нилъер миллатазул тарихазул цо-цо бутIаби рицана ва гьезда гьоркьоб викторина тIобитIана. Гьес бицараб цIубазабураблъун гьениб букIана Дилим росдал гимназиялъул рахьдал мацIалъул мугIалим Загьрат АхIмадхановалъ гьабураб кIалъай.

Тадбир гIуцIаразул мурадлъун букIана лъималазда умумузул тарих, мацI, гIадатал ва цогидалги гIумрудул рахъал кIочене биччангутIи.

***«Салатавия» сеталъулаб издания***

# Районалъул администрациялда

24 октябралда, нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул тIадкъаялда рекъон, автозаправкабазул ва автотранспорталъе техническияб хъулухъ гьабулел станциябазул хIалтIул хал гьабиялда хурхараб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул, прокуратураялъул, ОМВДялъул, МЧСалъул вакилзаби, росабазул бутIрул ва автозаправкабазулгун автомашинаби къачIалел станциябазул бетIергьаби.




Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Зикрула Эмеевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда бицен гьабуна тIадехун рехсарал гIуцIабазда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул хIакъалъулъ.

Прокуратураялъ гьарурал халгьабияз автозаправкабазул хIалтIулъ гIемерал гIунгутIаби тIатинарун руго. Гьел цо-цоязул хIалтIуде данде кколел документал ратун гьечIо, цIаккеялдаса цIуниялъул, хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул тIалабал гьенир хвезарулелги руго. Гьединго, цо-цояз бакIал раялъул законги хвезабулеб буго. Гьедин букIиналъ 5 автозаправкаялъул хIалтIи чIезабуна, ва гьезул бетIергьабазда къокъаб заманалда гIунгутIаби тIагIинареян лъазабуна.

Цоги, гьениб бицен гьабуна рехсарал гIуцIабазда хIалтIизе бокьарал, законалда рекъон, хIалтIуде росиялдаги налогал кьеялдаги сверухъ.

Автозаправкабазул ва машинаби къачIалел станциябазул бетIергьабаз халгьабиялъ къватIирчIвазарурал гIунгутIаби къокъаб заманалда тIагIинаризе рагIи кьуна.

***Ибрагьим Идрисов***

---

# Фестивалалда гIахьаллъана



Дагъал церегIан къояз МахIачхъала шагьаралда Авар театралда цебе регионаздагьоркьосеб халкъияб творчествоялъул патриотикиял программабазул фестиваль тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана бакI-бакIаздаса халкъиял театрал, ансамблял, кочIохъаби ва цогидалги культураялда хурхарал гIуцIаби. Нилъер районалдаса гьений гIахьаллъана Лайла Имамирзаева. Гьей Расул ХIамзатовасул «Эбелалъ дир кинидахъ кучIдул ахIичIелани» абураб кечIгун цее яхъана ва «ХъахIал къункъраби» фестивалалъул дипломалъе мустахIикълъана.

Фестивалда гIахьаллъаразул батIи-батIиял формабаз, гьенир ахIарал кучIдуз ва гьарурал кьурдабаз балагьаразул ракIазе кIочонареб асар гьабунин абуни, мекъи ккеларо. Абизе бегьула Расулица жиндирго творчествоялъулъ, чIей гьечIого, рехсолел рукIарал гьудуллъи, цоцалъ рекъей, ВатIаналде рокьи букIин гьенир гIахьаллъараз загьир гьарулел рукIанин.

---

# «Гургинаб» стол тIобитIана

Дагъал церегIан къояз Алмахъ росдал культураялъул хIалтIухъабаз чIахIиял классазул цIалдохъабазе, «Терроризм-жамгIияталъе хIинкъи» цIаралда гъоркь, «гургинаб» стол тIобитIана.

Гьенир гIахьаллъана росдал администрациялъул бетIерасул заместитель Мавлидин Адуев, хIалхьиялда вугев ва ОМВДялда хIалтIулев вукIарав МухIамад Сираждинов, гьелъулго ветераназул Советалъул председатель Салман Сахрудинов, Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулев Тимур Пумаровасул эбел Аминат Пумарова ва цогидалги.



Гьениб цIалдохъабазе бицана терроризм щиб ккolебали, заман бахъанагIан гьеб дунялалда тIибитIулеб букIин ва гьелъ тIаде рачунел балагьалгун камиязул.

КIалъазе рахъараз цIалдохъаби ахIана гIумруялъулъ битIараб нух тIаса бищиялде ва захIматгун ВатIан бокьулеллъун лъугьиналда тIадчIей гьабиялде.

***«Салатавия» сеталъулаб издания***

*Инсан ва гIумру*

# Кинаб хIалтIуде тIамуниги…

Советияб власталъул заманалда, чIахIияб гIелалда гьеб цIакъ лъикI лъала, кинаб букIаниги хIалтIи чиясда тIад къазе, хъулухъалде гьев тIамизе ккани, гьесул махщалилги бажариялъулги хал гьабулеб букIараблъи. Нагагьлъун гьединаб хIалтIи гьабиялъулъ, хъулухъ тIубазабиялъулъ тасамахIлъи биччани, яги церетIеял рихьизаричIони, гьел хIалтIудаса эркен гьарулаан ва хъулухъалдаса рахъулаан. Гьелде тIадеги, жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи (хъулухъ) гьесда тIад тIокIалъ къалароан. Киве чи хIалтIизе аниги, гьаб заманалда гIадин, захIматалъул книжка хисизе ва гьелда бокьараб хъвайхъвай гьабизе биччалароан. Гьеб цо букIунаан. Гьелда ругел хъвай-хъваяздаса бичIчIунаан гьелъул бетIергьанчиясул хIалтIиялдехун кинаб бербалагьи букIарабали. Цоги, жавабияб хъулухъалде, къанагIат гурони, коммунистическияб партиялъул мухъилъ гьечIел тIамулароан, тIамуниги, гьел партиялде лъугьине тIамулаан. Гьедин гьабиялъ чиясул жавабчилъи цIикIкIинабулаан, щай абуни, мекъаб нухда ани, гьев партиялъул мухъилъа нахъе рехулаан ва гьединазда кинаб букIаниги хъулухъ тIокIалъ кьолароан. Гьанже гьеб рахъалде бугеб бербалагьиялъул бицине дун лъугьинаро, гьеб киназдаго цебе буго. Узухъда, нилъер районалда гIемер рукIана ва руго, ракIунтун, тIаде босараб иш яги тIадкъараб хъулухъ бажаризабун, махщалида ва ракIбацIцIад тIуразарулел.

ГьединазулхIакъалъулъ хъвазеги ккола, щайгурелъул, районалъе пайда гьабуралги гьабулелги гIадамазда лъазе кколел рукIун. Районалъул тарихалъулъ мустахIикъаб бакI ккуразулги бицунеб гьечIони, сундул хIакъалъулъ бицине кколеб? ГIадада гуреб «*Аралда таманча речIарасда бачIунелъ гIарада речIулеб*»,-ан гIакъилаб аби бугеб.

Ахирияб заманалда районалъе нухмалъулез гьеб рахъалде кIудияб кIвар буссинабун букIиналъе нугIлъи гьабула, районалъул тарихалъулъ лъалкI таразе «*Районалъул хIурматияв гражданин*» цIарал кьеялъги. Цебе букIаралъулги гьанже бугелъулги хIакъалъулъ хъван лъугIунаро, гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго, районалъе гуребги, цIикIкIараб пайда гьабурав ГIабдула Абакарович ГIабдулаевасул хIакъалъулъ.

ГIабдула гьавуна 1947 соналъ Гуни росулъ. Гьев гьавураб сон КIудияб ВатIанияб рагъда хадусел соназулъе ккана. Гьел рукIана ракъиялъгун ратIликълъиялъ гIадамазда къвал барал, киса-кибего язихлъи тIибитIарал сонал. Узухъда, цогидал лъималаздаго гIадин, гьесдаги талихIаб лъимерлъи бихьичIо. Дол соназул гIолеб гIелалъ хеккого лъезе ккана жидерго гарбазда захIматалъул рукь. Хъизаналда, гIисиназдасан байбихьун, рукъалъул магIишаталъул бутIа тIад базабичIев чи къанагIатги вукIунароан. Гьедин букIиналъин киналго захIматалде ругьун гьарулелги рукIарал. Цоги, гьелъ гьел цудунго ругьунлъизарулаан жидерго магIишат гIуцIиялде. Гьелда тIадеги, лъималаз росдал колхозалъул хIалтIабиги тIуразарулаан (картошка чIей, гьеб ва цогидаб тIощел



чIаралдаса рацIцIад гьари, хер бакIари, цIоросаролъ чехьей ва г ь. ц.). Гьай-гьай, гьединал хIалтIабалъ ГIабдулацаги жигараб гIахьаллъи гьабулаан.

Заман тIаде щварабго, ГIабдула росдал школалде цIализе ана, ва 1963 соналъ 8 классги лъугIизабун (дол соназ Гуниялда гьоркьохъеб школа букIинчIо), лъай цIикIкIизаби мурадалда, Андрейаул росулъе ана. Гьениб гьоркьохъеб школа лъугIизабурав ГIабдула Советияб Армиялъул мухъилъе ахIана. Лъабго соналъ ракIбацIцIад рагъулаб хъулухъ тIубазабурав гьев (1969 сон) хIалтIизе лъугьана «*Мосметрострой*» гIуцIиялъ ЧIикIаб ГЭСалъе туннель бахъулелъуве. Гьесда тIадкъана проходчикасул кумекчиясул хIалтIи. Гьес гьениб слесарь-монтажникасул хIалтIиги гьабулеб букIана. ГIабдулал ишалдехун букIараб бербалагьиги гьесул гIуцIарухъанлъиялъе бугеб бажариги бихьун, гьев ГЭСалда хIалтIулел комсомольцазул секретарлъун вищана. 1973 соналъ гьесда тIад «*СМУ-4*» гIуцIиялъул бакIалраялъул профкомалъул председателасул хъулухъ базабуна.

ГIабдулада цIакъ лъикI бичIчIунеб букIана лъай борхизабизе кколеблъи ва гьев Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул ЧIикIаб букIараб филиалалде лъугьана. Гьениб гьесие бакIал ралев инженерасул махщел щвана. Бажари бугесул цIар гьесда цебе-цебе унилан абула. Гьелъги батила, 1976 соналъ ГIабдула рохьил магIишаталъул министерстволъулда цебе гIуцIараб «*Ремстрой группа*» участокалъул начальниклъун тIамурав. Гьеб заманалда тIубанго тIатанин абизе бегьула ГIабдулал бакIал раялъеги гIуцIарухъанлъиялъеги бугеб махщел. Гьесул нухмалъиялда, Дилим росулъ мехлесхозалъул контораялъе мина, складал, гаражал эхетана. Гьоркьияб складалда (Калининаул росдада гIагарда) цIулал тIагIелал хIадурулел цех рагьана ва «*Магъжар*» рохьил участокалде нух гьабуна. Дол соназ мехлесхозалъул мухъилъе Алмахъ ва Гъоздала росаби ккезаруна. Гьелъие гIиллалъун букIана мехлесхозалъул ресал гIатIидгьари ва бакIазул гIадамал хIалтIудалъун хьезари. ГIабдулал нухмалъиялда, «*Ремстрой*» гIуцIиялъ Алмахъалда норкаби, хорькаби, нутриял ва гIанкIал гьезарулел комплексал, цIулал тIагIелал хIадурулеб цех эхетана. Гъозталаялда рохьил пихъалъул сокал рахъулеб ва лимонад хIадурулеб цех хIалтIизе биччана.

Узухъда, ГIабдулаца нухмалъи гьабулеб букIараб гIуцIиялъ нилъер районалда гурелги бакIал эхетизе ккolaан. Гьедин, гьелъ Хасавюрталда эхетана мебелалъул фабрикаялда паркет гьабулеб цех, Буйнахъск районалъул лесхозалъе-административияб рукъ, мастерскаял, гаражал, питомник ва цогидалги хIажатал бакIал.

1979-1981 соназ ГIабдула Кочубеялъул кормабазул совхозалда кIудияв прораблъун ва 1981-1992 соназ гьенивго «*Дагколхозстрой*» ПМКялъул начальниклъун хIалтIана. ТIадехун рехсараб киналъго ГIабдулал цIар гIемерал бакIазда рагIана буна. Щиб хъулухъалде тIамуниги гьес живго цого лъикIаб рахъалдасан вихьизавуна.

ЧIахIиязда бихьунги гIисиназда тарихалдасанги лъала араб гIасруялъул 90-абилел соназ СССР бихххиялъул ккарал хIасилал. Гьеб заманалда (1992 сон) ГIабдулаца живго бетIергьанаб «*Салатавия*» предприятие рагьана ва 1999 соналде щвезегIан гьелъие нухмалъи гьабуна.

Гьес кидаго абулаан бакIал ралесул махщел жиндир бидулъ бугин ва гьеб хIалтIи гьабичIого жинда чIезе кIоларин. 1999-2002 соназ гьев «*Дагнефтьиндустрия*» ОАОялъул СПялда цебе гIуцIараб РСУялъул начальниклъун хIалтIана. Гьеб заманалда «*Нефтекумск-Сухокумск*» газалъул мухъги бачана.

2002-2018 соназ ГIабдула батIи-батIиял гIуцIабазда бетIерав инженерлъуни прораблъуни хIалтIана. Гьел гIуцIабазул цоялда («*Энергострой-М.Н.*») гьев прораблъун хIалтIулеб заманалда Гелбахъалдагун ЦIадахIариб гьитIинал ГЭСалги рана. Гьединго, ГIабдула хIалтIулев вукIараб гIуцIиялъ Каспийск шагьаралдаса Таганрог шагьаралде щвезегIан рукIарал чIахIиял подстанциябазда (жибжиб соналъ) хIажатал ремонталги гьаруна.

Ккараб гара-чIвариялда гьес абуна: «*Щиб хIалтIи тIадкъаниги, дица хIаракат бахъулаан гьеб ракIбацIцIад тIубазабизе. Дун кидаго хIалтIуде радал анльго тIубараб заманалда щолаан. ГIодоркьоязги дун хIалтIуда вукIунаан, отпускаялдеги, къанагIат гурони, унароан. Дие гьединаб тарбия щун букIана*»,-ян.

ГIабдулаца хIалтIи гIуцIунаан жиндиргоги цадахъ хIалтIулезулги ишал, квекIен гьечIого, рехун унел къагIидаялда, ахI-намус цIунун, хIалтIухъабазда божилъиялда ва гьезул хIурмат гьабун, гьедин гьабиялъ, гьайгьай, лъикIал хIасилалги кьолаан. ГIемерал соназ ракIбацIцIад гьабураб хIалтIухъ ГIабдула рикIкIен гIемерал ХIурматалъул грамотабазеги, Баркалаялъул кагътазеги, гIарцулал шапакъатазеги мустахIикълъана.

1999 соналъул августалда Дагъистаналде законалде данде кколарел яргъидгIуцIарал лъугьараб заманалда ГIабдула росдал ополчениялъул штабалъул членлъунги вукIана.

ХIалхьиялде унин гьев, тIатIала кверал лъун, чIоларо. Гьес жигараб гIахьаллъи гьабула жамгIиял ишазулъ. Гьев росдал харабазул Советалъул членлъунги ккола.

**Эсенай Идрисов, Дилим росу**

# «Каспий» батальоналъулъе лъугьана

Нижеца газеталъул цересел номеразда хъван букIана Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъизе бокьаразе Дагъистаналда «*Каспий*» батальон гIуцIулеб букIиналъул хIакъалъулъ, гьединго, гьенир баннерални лъун рукIана. Гьал кьо-



яз гьеб батальоналъулъе лъугьине жидерго къасд загьир гьабуна нилъер районалдаса ункъояс. Гьезул рагъул, МВДялъул мухъилъ хIалтIиялъул ва СВОялда гIахьаллъиялъул хIалбихьиял руго.

Гьел нухда тIоритIиялъул данделъиялда кIалъазе вахъарав районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас абуна: «*Дица нужее рагъулаб нухда гьарула сахлъи, рохел, гьарулел киналниги ишазулъ битIккей ва сах-саламатго тIадруссин*»,-ан.

ТIолабго Дагъистаналдаса «*Каспий*» батальоналъулъе лъугьарал гIолохъаби, гьезда гьоркьор тIадехун рехсарал нилъер гIолохъабиги рукIана, нухда регIизе бакIалде щвана, Дагъистаналъул бетIер С. Меликовгун цадахъ, нилъер районалъул бетIер ХI. Мусаевги.

НухбитIи гьабиялъул кIалъаялда С. Меликовас абуна: «*ГьабсагIаталда бищунго кIвар цIикIкIараблъун рагъулаб хъулухъ ккола. Жакъа нуж гIадинал гIадамазда бараблъун буго пачалихъалъул хIинкъигьечIолъи цIуни. РакIчIун абизе кIола гIолеб гIелалъе нуж патриотизмалъулгун рухIалда барахщинчIеб хъулухъ тIубазабиялъул мисаллъун рукIинеги Дагъистан нужехъ балагьун букIинеги буго. Бергьенлъигун тIадги русса*»-ян. Гьеб тадбиралда ХI. Мусаев «*Каспий*» батальоналъулъе лъугьарал нилъер гIолохъабигун дандчIвана ва гьез цадахъаб суратги бахъана.

# Педагогал-гIуцIарухъабазул данделъиялда

26 октябралда Ленинаул росдал №2 гьоркьохъеб школалда районалъул школазул педагогал-гIуцIарухъабазул данделъи тIобитIана.

Гьеб данделъиялда кIалъазе яхъарай информациялъулгун методикияб централъул методист Наида Юсуповалъ бицана ТIолгороссиялъул «*ТIоцересезул багъа-бачари*» гIуцIиялъул бакIалда бугеб отделениялъ муниципалияб форум тIобитIиялъе программа гIу-




цIиялъулги гьеб нухда тIобитIизе гьабулеб бугеб хIадурлъиялъулги.

Гьелъ абуна: «*Форум тIобитIиялъе хIадур гьаризе руго 12 интерактивиябгун лъайкьеялъул площадкаби. Гьенир тIоритIизе руго «ТIоцересезул багъа-бачари» гIуцIиялъул хIаракатчагIазе батIи-батIиял («ВукIа багъа-бачариялъулъ», «Дженга», «Дартс» ва гь.ц.) расандаби. Цого, гьоркьобкьотIи гьечIеб, тIад хIалтIизе хасал шартIал чIезарураб хIалтIиялъ гурони, нилъее лъикIал хIасилал кьезе гьечIо*»,-ян.

Гьенир кIалъазе рахъарал Умайсат Ибрагьимовалъ (ИчкIа), Саният СалихIовалъ (Гертма) гьениб бицана жидер «*ТIоцересезул багъа-бачари*» гIуцIабазул хIалтIул, рихьизаруна багъа-бачариялъул лъикIлъаби ва г ь.ц.

Гьеб тадбиралда, «*Ниж-Россиялъул гражданал*» акциялда рекъон, 14 сон тIубарав 23 цIалдохъанасе паспорталги кьуна.

«*Жакъа нужехъе кьолел руго нуж Россиялъул гражданаллъун кколел рукIин тасдикъ гьабулел документал-паспортал. Нужер гIумрудул нух жеги цебе буго. ХIаракат бахъе, ахI-намус цIунун, хьвадулеллъун рахъине. Биччанте нужер киналниги рекIел мурадалги тIуразе*»,-ян абуна Наидаца.

Паспортазда цадахъго, цIалдохъабазе гьенир паспортазе хасал жилдалги «*ТIоцересезул багъа-бачари*» гIуцIиялъул каранда ралел гIаламаталги кьуна.

**МахIмуд ДавудхIажиев**

# Прокуратура информирует…

## По результатам принятых прокуратурой Казбековского района мер, устранены нарушения законодательства, об обеспечении единства измерений

По результатам проведенной прокуратурой района проверки установлено, что в нарушение ст. 13 Федерального закона от 26.06.2008 № 102-ФЗ *«Об обеспечении единства измерений»* и Постановления Правительства РФ от 20.04. 2010 № 250 учреждениями образования района средства измерений, используемые в столовых и медицинских кабинетах учреждения в ФБУ *«Государственный региональный центр стандартизации, метрологии и испытаний в РД»* для проверки не предоставлялись.

По результатам проверки в адрес Управления образования было внесено представление об устранении нарушений законодательства, об обеспечении единства измерений, которое рассмотрено и удовлетворено, требования прокуратуры исполнены, в ФБУ «Государственный региональный центр стандартизации, метрологии и испытаний в РД» представлены средства измерений

***Ш.М. Магомедов, помощник прокурора района***




# Разъяснения о необходимости регистрации права на земельные участки и домовладения

С 29 июня 2021 года вступил в силу Федеральный закон от 30.12,2020 № 518-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты РФ», предусматривающий повышение качества данных Единого государственного реестра недвижимости, а также направленный на защиту прав и имущественных интересов граждан.

*Для чего необходимо регистрировать права на ранее учтенный объект недвижимости?*

*Наличие в ЕГРН зарегистрированных прав граждан способствует защите их прав и имущественных интересов, в том числе от мошеннических действий с их имуществом, а также позволяет наполнить ЕГРН контактными данными правообладателей (адресов электронной почты, почтового адреса). Это позволит органу регистрации прав оперативно направить в адрес собственника различные уведомления, а также обеспечить согласование с правообладателями земельных участков местоположения границ смежных земельных участков, что поможет избежать возникновения земельных споров. Что означает ранее учтенные объекты недвижимости?*

Согласно частей 4, 9 ст. 69 Закона о регистрации ранее учтенными объектами недвижимости являются:

- объекты, в отношении которых был осуществлен технический учет или государственный учет до дня вступления в силу Федерального закона от 24.07. 2007 N° 221 - ФЗ «О государственном кадастре недвижимости» (01.03.2008);

- объекты, государственный кадастровый учет которых не осуществлен, но права, на которые зарегистрированы в ЕГРН и не прекращены;

- объекты, в отношении которых права возникли до дня вступления в силу Федерального закона от 21.07.1997 Na 1'22-ФЗ «О государственной регистрации прав на недвижимое имущество и сделок с ним» (31.01.1998), и не прекращены, сведения о правах не внесены в ЕГРН и государственный кадастровый учет не осуществлялся. Федеральный закон Ns 518-ФЗ конкретизирует, что закон применяется к объектам, на которые документы были оформлены до дня вступления в силу 21.07.1997 № 122-ФЗ «О государственной регистрации прав на недвижимое имущество и сделок с ним» (31.01.1998) и права не зарегистрированы в ЕГРН (п. 3 ст. 5 ФЗ № 518-ФЗ).

Какая недвижимость относится к ранее учтенным объектам недвижимости? К ранее учтенным объектам недвижимости могут относиться все виды объектов недвижимости, в том числе земельные участки, объекты капитального строительства-здание, сооружение, помещение, объект незавершенного строительства.

*Как узнать, что вы собственник ранее учтенного объекта недвижимости и что с этим делать?*

Право собственности нужно подтвердить правоустанавливающими или правоудостоверяющими документами, например:

- в отношении земельного участка- свидетельством о праве собственности на землю по форме, утвержденной Указом Президента РФ от 27.10.1993 №1767 «О регулировании земельных отношений и развитии аграрной реформы в России», а также государственными актами о праве пожизненного наследуемого владения земельными участками, праве постоянного (бессрочного) пользования земельными участками по формам, утвержденным Постановлением Совета Министров РСФСР от 17.09.1991 № 493 «Об утверждении форм государственного акта на право собственности на землю, пожизненного наследуемого владения, бессрочного (постоянного) пользования землей», свидетельством о праве собственности на землю по форме, утвержденной Постановлением Правительства Российской Федерации от 19.03.1992 № 177 «Об утверждении форм свидетельства о праве собственности на землю, договора аренды земель сельскохозяйственного назначения и договора временного пользования землей сельскохозяйственного назначения» (п. 9 ст. 3 Федерального закона от 25.10.2001 № 137- ФЗ), выписок из похозяйственных книг.

- права на ранее учтенные объекты, полученные по наследству, могут подтверждаться свидетельством о праве на наследство.

Сведения о ранее учтенном объекте недвижимости могут быть внесены в ЕГРН на основании любого документа, устанавливающего или подтверждающего право заинтересованного лица на соответствующий объект недвижимости, при этом такой документ должен быть выдан уполномоченным органом, отвечать требованиям законодательства, действовавшего в месте издания соответствующего документа на момент его издания (Письмо Минэкономразвития России от 18.04. 2017 № ОГ-Д23-4496).

Отметим также, что без внесённых в ЕГРН сведений об объектах недвижимости, граждане не могут осуществить юридически значимые действия с недвижимостью: продать, подарить, передать по наследству.

1975 соналъ Гуни росдал школа лъугIарал классцоязъ, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Зикрула Базаевасда ва тIолалго гIага-божаразда, вац

**МухIаммадрасул**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьев Алжаналъул агьлулъун гьавеги.

# Объявление

Утерянный аттестат № 0051801025890 о среднем общем образовании, выданный Дылымской гимназией в 2016 году на имя Абдуева Абду Таслимовича, считать недействительным.

**БетIерав редактор:**
И.Б. Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**